

**AVI ELEKSYON ESPESYAL
NAN PLANTATION ACRES IMPROVEMENT DISTRICT
KI AP FÈT 23 JEN, 2026**

Avi sa bay poutèt Konsèy Sipèvizè Plantation Acres Improvement District, dapre rezolisyon nimewo 26-01 ki te adopte 23 Avril, 2026 la, fè apèl pou yon Referandòm Eleksyon Espesyal nan Plantation Acres Improvement District ki dwe fèt **Madi, 23 Jen, 2026**, nan objektif pou soumèt bay elektè kalifye yo ki abite nan distrik la, apwobasyon oswa dezapwobasyon yo pou referandòm ki make anba la, ki pral detèmine si wi oswa non Plantation Acres Improvement District la pral tounen yon distrik depandan Vil Plantation.

REFERANDÒM

**CHANJMAN NAN PLANTATION ACRES IMPROVEMENT DISTRICT POU’L SÒTI
KÒM DISTRIK ENDEPANDAN POU’L VIN TOUNEN DISTRIK DEPANDAN**

Èske Lwa Florid HB 4067 (2026), ki chanje Plantation Acres Improvement District ki se yon distrik endepandan pou’l ta vin tounen yon distrik depandan Vil Plantation, kote konsèy minisipal ak majistra Vil Plantation lan pral sèvi kòm konsèy administrasyon distrik depandan an, ta dwe rantre anvigè?

- WI
 NON

Eleksyon espesyal sa pral fèt sèlman nan biwo vòt ki nan sikonskripsyon **N014.1, N015 ak N016.1** jan Sipèvizè Eleksyon Konte Broward la, ki rele nan lang Anglè Broward County Supervisor of Elections, deziyen li. SÈLMAN votè ki kalifye nan Plantation Acres Improvement District ap kapab elijib pou vote nan eleksyon espesyal sa.

Bilten vote palapòs yo ap poste bay tout votè ki anrejistre yo epi ki abite nan distrik la ki te fè demann pou yon bilten vote palapòs pa pita ke 11 Jen, 2026. Sipèvizè Eleksyon Konte Broward la ki rele nan lang Anglè Broward County Supervisor of Elections dwe resevwa bilten vòt yo pa pita ke 7 è nan aswè jou eleksyon an **Madi, 23 Jen, 2026**.

Joe Scott
Sipèvizè Eleksyon yo
Konte Broward, Florid